# Dan

## Chapter 2

Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

1

| Hebrew | Gloss | Strong |
|---|---|---|
| וּבִשְׁנַת | Lan-ing-taun | H8141 |
| שְׁתַּיִם | kalih | H8147 |
| לְמַלְכוּת | saking-kraton | H4438 |
| נְבֻכַדְנֶצַּר | Nebukadnezar | H5019 |
| חָלַם | ngimpi | |
| נְבֻכַדְנֶצַּר | Nebukadnezar | H5019 |
| חֲלֹמוֹת | pangimpen | H2472 |
| וַתִּתְפָּעֶם | lan-ribut | H6470 |
| רוּחוֹ | rohipun | H7307 |
| וּשְׁנָתוֹ | lan-tilemipun | H8142 |
| נִהְיְתָה | ical | H1961 |
| עָלָיו׃ | saking-piyambakipun | |

> Ing taun kang kapindhone paprentahane Sang Prabu Nebukadnezar, Sang Prabu Nebukadnezar supena; marga saka iku panggalihe banjur ora jenjem lan ora bisa sare.

2

| Hebrew | Gloss | Strong |
|---|---|---|
| וַיֹּאמֶר | Lan-ngandika | H0559 |
| הַמֶּלֶךְ | kang-ratu | H4428 |
| לִקְרֹא | supados-nimbali | H7121 |
| לַחַרְטֻמִּים | kang-para-ahli-sihir | H2748 |
| וְלָאַשָּׁפִים | lan-kang-para-ahli-tenung | H0825 |
| וְלַמְכַשְּׁפִים | lan-kang-para-tukang-sihir | H3784 |
| וְלַכַּשְׂדִּים | lan-kang-tiyang-Kasdim | H3778 |
| לְהַגִּיד | supados-matur | H5046 |
| לַמֶּלֶךְ | dhateng-kang-ratu | H4428 |
| חֲלֹמֹתָיו | pangimpenipun | H2472 |
| וַיָּבֹאוּ | lan-sami-rawuh | H0935 |
| וַיַּעַמְדוּ | lan-sami-ngadeg | H5975 |
| לִפְנֵי | ing-ngarsanipun | H6440 |
| הַמֶּלֶךְ׃ | kang-ratu | H4428 |

> Sang Prabu nuli utusan nimbali para sarjana, para juru-gendam, juru sihir lan para wong Kasdim, kadhawuhan nerangake supena mau marang panjenengane; banjur padha sowan lan ngadeg ana ing ngarsane Sang Prabu.

3

| Hebrew | Gloss | Strong |
|---|---|---|
| וַיֹּאמֶר | Lan-ngandika | H0559 |
| לָהֶם | dhateng-piyambakipun | H1992 |
| הַמֶּלֶךְ | kang-ratu | H4428 |
| חֲלוֹם | pangimpen | H2472 |
| חָלָמְתִּי | kawula-ngimpi | |
| וַתִּפָּעֶם | lan-ribut | H6470 |
| רוּחִי | roh-kawula | H7307 |
| לָדַעַת | kangge-mangertos | H3045 |
| אֶת־ | kaliyan- | H0853 |
| הַחֲלוֹם׃ | kang-pangimpen | H2472 |

> Sang Prabu ngandika marang wong-wong mau: “Ingsun supena, lan marga saka supena iku panggalihingsun kuwur marga kepengin nguningani supena iku.”

4

| Hebrew | Gloss | Strong |
|---|---|---|
| וַיְדַבְּרוּ | Lan-sami-matur | H1696 |
| הַכַּשְׂדִּים | kang-tiyang-Kasdim | H3778 |
| לַמֶּלֶךְ | dhateng-kang-ratu | H4428 |
| אֲרָמִית | ing-basa-Aram | H0762 |
| מַלְכָּא | Dhuh-ratu | H4430 |
| לְעָלְמִין | salami-laminipun | H5957 |
| חֱיִי | gesanga | H2418 |
| אֱמַר | matura | H0560 |
| חֶלְמָא | kang-pangimpen | H2493 |
| ]לעבדיך[ | [kangge-para-abdi-panjenengan] | H5649 |
| )לְעַבְדָךְ( | (kangge-abdi-panjenengan) | H5649 |
| וּפִשְׁרָא | lan-tegesipun | H6591 |
| נְחַוֵּא׃ | kawula-badhe-nedahaken | H2324 |

> Para wong Kasdim iku banjur padha munjuk marang Sang Prabu (ing basa Aram): “Dhuh Sang Prabu! Mugi langgenga kasugengan dalem! Mugi karsaa paring sumerep bab supena punika dhateng para abdi dalem, mangke kawula badhe ngunjukaken maknanipun.”

5 עָנֵה Mangsuli H6032 | מַלְכָּא kang-ratu H4430 | וְאָמַר lan-ngandika H0560 | ]לכשדיא[ [dhateng-tiyang-Kasdim] H3779 | )לְכַשְׂדָּאֵי( (dhateng-tiyang-Kasdim) H3779

מִלְּתָא kang-pangandikan H4406 | מִנִּי saking-kawula H4481 | אַזְדָּא sampun-ical H0230 | הֵן manawi | לָא boten H3809 | תְהוֹדְעוּנַּנִי nedahaken-dhateng-kawula H3046

חֶלְמָא kang-pangimpen H2493 | וּפִשְׁרֵהּ lan-tegesipun H6591 | הַדָּמִין dados-perangan H1917 | תִּתְעַבְדוּן panjenengan-badhe-dipun-damel H5648 | וּבָתֵּיכוֹן lan-dalemipun H1005

נְוָלִי reruntuhan H5122 | יִתְּשָׂמוּן׃ badhe-dipun-damel H7761

> Nanging paring wangsulane Sang Prabu marang wong Kasdim mau: “Ingsun wus damel putusan, yaiku manawa sira ora padha ngunjuki uninga marang ingsun bab supena iku lan maknane, sira mesthi bakal padha katengkel-tengkel sarta omahira bakal padha karubuhake kadadekake tumpukan uwuh,

6 וְהֵן Lan-manawi | חֶלְמָא kang-pangimpen H2493 | וּפִשְׁרֵהּ lan-tegesipun H6591 | תְּהַחֲוֹן panjenengan-nedahaken H2324 | מַתְּנָן ganjaran H4978

וּנְבִזְבָּה lan-gangsalipun H5023 | וִיקָר lan-kamulyan H3367 | שַׂגִּיא ageng H7690 | תְּקַבְּלוּן panjenengan-badhe-nampi H6902 | מִן־ saking- H4481 | קֳדָמָי ngarsaning-kawula H6925

לָהֵן mila | חֶלְמָא kang-pangimpen H2493 | וּפִשְׁרֵהּ lan-tegesipun H6591 | הַחֲוֹנִי׃ nedahaken-dhateng-kawula H2324

> nanging manawa sira padha bisa ngunjuki uninga bab supena lan maknane, sira bakal padha tampa ganjaran, peparing lan kaurmatan kang gedhe saka ingsun. Mulane padha ngunjukana uninga marang ingsun bab supena iku lan maknane!”

7 עֲנוֹ Sami-mangsuli H6032 | תִנְיָנוּת kaping-kalih H8579 | וְאָמְרִין lan-matur H0560 | מַלְכָּא Dhuh-ratu H4430 | חֶלְמָא kang-pangimpen H2493 | יֵאמַר matura H0560

לְעַבְדוֹהִי dhateng-para-abdinipun H5649 | וּפִשְׁרָה lan-tegesipun H6591 | נְהַחֲוֵה׃ kawula-badhe-nedahaken H2324

> Wong-wong mau padha munjuk maneh: “Sumangga gusti kawula Sang Prabu kawula aturi ngandikakaken supena punika dhateng para abdi dalem punika, mangke kawula sami badhe ngunjukaken maknanipun.”

8 עָנֵה Mangsuli H6032 | מַלְכָּא kang-ratu H4430 | וְאָמַר lan-ngandika H0560 | מִן־ saking- H4481 | יַצִּיב temtu H3330 | יָדַע mangertos H3046 | אֲנָה kawula | דִּי bilih H1768 | עִדָּנָא wekdal H5732

אַנְתּוּן panjenengan H0608 | זָבְנִין sami-mundhut H2084 | כָּל־ sadaya- H3606 | קֳבֵל amargi H6903 | דִּי bilih H1768 | חֲזֵיתוּן panjenengan-pirsa H2370 | דִּי bilih H1768 | אַזְדָּא sampun-ical H0230

מִנִּי saking-kawula H4481 | מִלְּתָא׃ kang-pangandikan H4406

> Sang Prabu mangsuli, pangandikane: “Ingsun mirsa ing satemene, manawa sira padha ngudi ngulur-ulur wektu, awit sira padha sumurup, yen ingsun wus damel putusan,

9

| דִּ֣י | הֵן | חֶלְמָא֩ | לָא | תְהֽוֹדְעֻנַּ֜נִי | חֲדָה־ |
|---|---|---|---|---|---|
| Bilih | manawi– | kang-pangimpen | boten | panjenengan-nedahaken-dhateng-kawula | setunggal– |
| H1768 | | H2493 | H3809 | H3046 | H2298 |

| הִיא | דָֽתְכ֔וֹן | וּמִלָּה | כִדְבָה | וּשְׁחִיתָה֙ | ]הזמנתון[ |
|---|---|---|---|---|---|
| punika | ukumipun | lan-pangandikan | goroh | lan-awon | [panjenengan-sarujuk] |
| H1932 | H1882 | H4406 | H3538 | H7844 | H2164 |

| )הִזְדְּמִנְתּוּן֙( | לְמֵאמַ֣ר | קָֽדָמַ֔י | עַ֚ד | דִּ֣י | עִדָּנָ֣א | יִשְׁתַּנֵּ֑א |
|---|---|---|---|---|---|---|
| (panjenengan-sarujuk) | kangge-matur | ing-ngarsaning-kawula | ngantos | bilih | wekdal | ewah |
| H2164 | H0560 | H6925 | H5705 | H1768 | H5732 | H8133 |

| לָהֵן֙ | חֶלְמָ֣א | אֱמַ֣רוּ | לִ֔י | וְאִנְדַּ֕ע | דִּ֥י | פִשְׁרֵ֖הּ |
|---|---|---|---|---|---|---|
| mila | kang-pangimpen | matura | dhateng-kawula | lan-kawula-mangertos | bilih | tegesipun |
| | H2493 | H0560 | | H3046 | H1768 | H6591 |

| תְּהַחֲוֻנַּֽנִי׃ |
|---|
| panjenengan-badhe-nedahaken-dhateng-kawula |
| H2324 |

> yaiku manawa sira ora padha ngunjuki uninga marang ingsun bab supena iku, sira bakal padha kena ing paukuman kang padha; sarta ingsun mirsa, manawa sira wus padha saiyeg bakal munjuk marang ingsun bab-bab kang ora nyata lan dora, nganti kaanan salin. Awit saka iku unjukna supena iku marang ingsun, supaya ingsun uninga, manawa sira padha bisa ngaturake maknane uga marang ingsun.

10

| עֲנוֹ | ]כשדיא[ | )כַשְׂדָּאֵ֤י( | קֳדָם־ | מַלְכָּא֙ | וְאָמְרִ֔ין |
|---|---|---|---|---|---|
| Sami-mangsuli | [tiyang-Kasdim] | (tiyang-Kasdim) | ing-ngarsanipun– | kang-ratu | lan-matur |
| H6032 | H3779 | H3779 | H6925 | H4430 | H0560 |

| לָא־ | אִיתַ֤י | אֱנָשׁ֙ | עַל־ | יַבֶּשְׁתָּ֔א | דִּ֚י | מִלַּ֣ת | מַלְכָּ֔א | יוּכַ֖ל |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| boten– | wonten | tiyang | ing– | ing-bumi | ingkang | pangandikan | kang-ratu | saged |
| H3809 | H0383 | H0606 | H5922 | H3007 | H1768 | H4406 | H4430 | H3202 |

| לְהַחֲוָיָ֑ה | כָּל־ | קֳבֵ֗ל | דִּ֚י | כָּל־ | מֶ֙לֶךְ֙ | רַ֣ב | וְשַׁלִּ֔יט |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| kangge-nedahaken | sadaya– | amargi | bilih | sadaya– | ratu | ageng | lan-panguwaos |
| H2324 | H3606 | H6903 | H1768 | H3606 | H4430 | H7229 | H7990 |

| מִלָּ֤ה | כִדְנָה֙ | לָ֣א | שְׁאֵ֔ל | לְכָל־ | חַרְטֹּ֖ם | וְאָשַׁ֥ף |
|---|---|---|---|---|---|---|
| pangandikan | kados-punika | boten | nate-tanglet | dhateng-sadaya– | ahli-sihir | lan-ahli-tenung |
| H4406 | H1836 | H3809 | H7593 | H3606 | H2749 | H0826 |

| וְכַשְׂדָּֽי׃ |
|---|
| lan-tiyang-Kasdim |
| H3779 |

> Unjuk wangsulane para wong Kasdim mau marang Sang Prabu: “Boten wonten tiyang satunggal kemawon ing salumahing bumi ingkang saged ngunjuki uninga bab pamundhutipun gusti kawula Sang Prabu! Saha boten nate wonten ratu, ingkang sanadyan kadospundi kemawon agungipun saha agenging pangwaosipun mundhut ingkang makaten punika dhateng satunggaling sarjana, juru gendam utawi satunggaling tiyang Kasdim.

11

| וּמִלְּתָ֨א | דִֽי־ | מַלְכָּ֤ה | שָׁאֵל֙ | יַקִּירָ֔ה | וְאָחֳרָן֙ | לָ֣א | אִיתַ֔י | דִּ֚י |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Lan-pangandikan | ingkang– | kang-ratu | tanglet | awrat | lan-sanes | boten | wonten | ingkang |
| H4406 | H1768 | H4430 | H7593 | H3358 | H0321 | H3809 | H0383 | H1768 |

| יְחַוִּנַּהּ֙ | קֳדָ֣ם | מַלְכָּ֔א | לָהֵ֣ן | אֱלָהִ֔ין | דִּ֚י | מְדָ֣רְהוֹן |
|---|---|---|---|---|---|---|
| badhe-nedahaken | ing-ngarsanipun | kang-ratu | kajawi | para-allah | ingkang | padunungipun |
| H2324 | H6925 | H4430 | H3861 | H0426 | H1768 | |

| עִם־ | בִּשְׂרָ֖א | לָ֥א | אִיתֽוֹהִי׃ |
|---|---|---|---|
| kaliyan– | daging | boten | wonten |
| H5974 | H1321 | H3809 | H0383 |

Pamundhutipun gusti kawula punika langkung dening awrat, saha boten wonten tiyang satunggal-tunggala ingkang saged ngunjuki uninga bab punika dhumateng gusti kawula Sang Prabu, kejawi para dewa ingkang boten dedunung wonten ing tengahipun manungsa.”

12

| | | |
|---|---|---|
| כָּל־ | Sadaya– | H3606 |
| קֳבֵל | amargi | H6903 |
| דְּנָה | punika | H1836 |
| מַלְכָּא | kang–ratu | H4430 |
| בְּנַס | duka | H1149 |
| וּקְצַף | lan–bendu | H7108 |
| שַׂגִּיא | sanget | H7690 |
| וַאֲמַר | lan–dhawuh | H0560 |
| לְהוֹבָדָה | kangge–nyirnakaken | H0007 |
| לְכֹל | sadaya | H3606 |
| חַכִּימֵי | para–wong–wicaksana | H2445 |
| בָבֶל׃ | Babil | H0895 |

Marga saka iku Sang Prabu banjur duka banget lan bendu sarta dhawuh nyirnakake kabeh wong wicaksana ing Babil.

13

| | | |
|---|---|---|
| וְדָתָא | Lan–dhawuh | H1882 |
| נֶפְקַת | medal | H5312 |
| וְחַכִּימַיָּא | lan–para–wong–wicaksana | H2445 |
| מִתְקַטְּלִין | sami–dipun–pejahi | H6992 |
| וּבְעוֹ | lan–sami–madosi | H1156 |
| דָּנִיֵּאל | Daniel | H1841 |
| וְחַבְרוֹהִי | lan–kanca-kancanipun | H2269 |
| לְהִתְקְטָלָה׃ | kangge–dipun–pejahi | H6992 |
| פ | [pungkasan] | |

Nalika dhawuh saupaya para wong wicaksana padha dipateni mau kaundhangake, Dhaniel dalah kanca-kancane uga kaancam bakal pinatenan.

14

| | | |
|---|---|---|
| בֵּאדַיִן | Lajeng | H0116 |
| דָּנִיֵּאל | Daniel | H1841 |
| הֲתִיב | mangsuli | H8421 |
| עֵטָא | kanthi–wicaksana | H5843 |
| וּטְעֵם | lan–lantip | H2942 |
| לְאַרְיוֹךְ | dhateng–Ariok | |
| רַב־ | pangageng– | H7229 |
| טַבָּחַיָּא | para–juru–pejah | H2877 |
| דִּי | saking | H1768 |
| מַלְכָּא | kang–ratu | H4430 |
| דִּי | ingkang | H1768 |
| נְפַק | medal | H5312 |
| לְקַטָּלָה | kangge–mejahi | H6992 |
| לְחַכִּימֵי | para–wong–wicaksana | H2445 |
| בָּבֶל׃ | Babil | H0895 |

Dhaniel banjur matur kalawan kalimpadaning budi tuwin kawicaksanan marang Sang Ariokh, panggedhening prajurit pangawaling Sang Prabu, kang wus mangkat arep mateni para wong wicaksana ing Babil mau,

15

| | | |
|---|---|---|
| עָנֵה | Mangsuli | H6032 |
| וְאָמַר | lan–matur | H0560 |
| לְאַרְיוֹךְ | dhateng–Ariok | |
| שַׁלִּיטָא | panguwaos | H7990 |
| דִּי־ | saking– | H1768 |
| מַלְכָּא | kang–ratu | H4430 |
| עַל־ | kangge– | H5922 |
| מָה | punapa | H4101 |
| דָתָא | dhawuh | H1882 |
| מְהַחְצְפָה | kesusu | H2685 |
| מִן־ | saking– | H4481 |
| קֳדָם | ngarsanipun | H6925 |
| מַלְכָּא | kang–ratu | H4430 |
| אֱדַיִן | lajeng | H0116 |
| מִלְּתָא | kang–bab | H4406 |
| הוֹדַע | nedahaken | H3046 |
| אַרְיוֹךְ | Ariok | |
| לְדָנִיֵּאל׃ | dhateng–Daniel | H1841 |

ature marang Sang Ariokh, panggedhe abdine Sang Prabu mangkene: “Punapa sababipun, dene Sang Prabu ngundhangaken dhawuh ingkang samanten awratipun punika?” Sang Ariokh banjur nerangake bab iku marang Dhaniel.

16
וְדָנִיֵּאל Lan–Daniel H1841 | עַל lumebet H5954 | וּבְעָה lan–nyuwun H1156 | מִן־ saking– H4481 | מַלְכָּא kang–ratu H4430 | דִּי supados H1768 | זְמָן wekdal H2166 | יִנְתֵּן־ dipun–paringi– H5415
לֵהּ dhateng–piyambakipun | וּפִשְׁרָא lan–tegesipun H6591 | לְהַחֲוָיָה kangge–nedahaken H2324 | לְמַלְכָּא׃ dhateng–kang–ratu H4430 | פ [pungkasan]

> Dhaniel nuli sowan marang ing ngarsane Sang Prabu lan nyuwun, supaya kaparingana wektu kanggo ngunjuki uninga bab maknane marang Sang Prabu.

17
אֱדַיִן Lajeng H0116 | דָּנִיֵּאל Daniel H1841 | לְבַיְתֵהּ dhateng–dalemipun H1005 | אֲזַל kesah H0236 | וְלַחֲנַנְיָה lan–dhateng–Hananya | מִישָׁאֵל Misael H4333 | וַעֲזַרְיָה lan–Azarya H5839
חַבְרוֹהִי kanca-kancanipun H2269 | מִלְּתָא kang–bab H4406 | הוֹדַע׃ nedahaken H3046

> Sawuse iku Dhaniel banjur mulih aweh weruh bab mau marang Hananya, Misael lan Azarya, mitra-mitrane,

18
וְרַחֲמִין Lan–kawelasan H7359 | לְמִבְעֵא kangge–nyuwun H1156 | מִן־ saking– H4481 | קֳדָם ngarsanipun H6925 | אֱלָהּ Gusti–Allah–saking H0426 | שְׁמַיָּא swarga H8065 | עַל־ babagan– H5922
רָזָה wewadi H7328 | דְּנָה punika H1836 | דִּי supados H1768 | לָא boten H3809 | יְהֹבְדוּן sami–dipun–sirnakaken H0007 | דָּנִיֵּאל Daniel H1841 | וְחַבְרוֹהִי lan–kanca–kancanipun H2269 | עִם־ kaliyan– H5974
שְׁאָר sanesipun H7606 | חַכִּימֵי para–wong–wicaksana H2445 | בָבֶל׃ Babil H0895

> supaya tumuli padha nyuwun sih-piwelase Gusti Allahing saindenge langit ing bab kang winadi mau, satemah Dhaniel sakancane ora bakal kasirnakake bebarengan karo para wicaksana liyane ing Babil.

19
אֱדַיִן Lajeng H0116 | לְדָנִיֵּאל dhateng–Daniel H1841 | בְּחֶזְוָא ing–wahyu H2376 | דִּי־ saking– H1768 | לֵילְיָא dalu H3916 | רָזָה wewadi H7328 | גְּלִי dipun–bukak H1541 | אֱדַיִן lajeng H0116 | דָּנִיֵּאל Daniel H1841
בָּרִךְ mberkahi H1289 | לֶאֱלָהּ dhateng–Gusti–Allah–saking H0426 | שְׁמַיָּא׃ swarga H8065

> Wasana bab kang winadi mau banjur kebuka marang Dhaniel ing sajroning wahyu ing wayah bengi. Dhaniel nuli ngluhurake marang Gusti Allahe saindenging langit.

20
עָנֵה Mangsuli H6032 | דָנִיֵּאל Daniel H1841 | וְאָמַר lan–ngandika H0560 | לֶהֱוֵא mugi–dados H1934 | שְׁמֵהּ asmanipun H8036 | דִּי־ saking– H1768 | אֱלָהָא Gusti–Allah H0426 | מְבָרַךְ pinuji H1289 | מִן־ saking– H4481
עָלְמָא salami-laminipun H5957 | וְעַד־ lan–ngantos– H5705 | עָלְמָא salami-laminipun H5957 | דִּי bilih H1768 | חָכְמְתָא kawicaksanan H2452 | וּגְבוּרְתָא lan–kakiyatan H1370 | דִּי saking H1768
לֵהּ־ dhateng–Panjenenganipun– | הִיא׃ punika H1932

> Mangkene pangucape Dhaniel: “Pinuja asmaning Allah wiwit saka kalanggengan tumeka ing kalanggengan, amarga kawicaksanan lan kasantosan iku ana ing Panjenengane,

21
וְהוּא Lan–Panjenenganipun H1932
מְהַשְׁנֵא ngewahi H8133
עִדָּנַיָּא wekdal H5732
וְזִמְנַיָּא lan–mangsa H2166
מְהַעְדֵּה ngilangi H5709
מַלְכִין para–ratu H4430
וּמְהָקֵים lan–ngadegaken H6966
מַלְכִין para–ratu H4430
יָהֵב maringi H3052
חָכְמְתָא kawicaksanan H2452
לְחַכִּימִין dhateng–para–wong–wicaksana H2445
וּמַנְדְּעָא lan–pangertosan H4486
לְיָדְעֵי dhateng–ingkang–mangertos H3046
בִינָה׃ pangertosan H0999

> kang nyontan-nyantuni mangsa lan wektu, kang mecat para ratu lan njumenengake para ratu, kang paring kawicaksanan marang para wong wicaksana sarta kawruh marang para wong kang kadunungan pangreten;

22
הוּא Panjenenganipun H1932
גָּלֵא mbukak H1541
עַמִּיקָתָא ingkang–jero H5994
וּמְסַתְּרָתָא lan–ingkang–sinimpen
יָדַע pirsa H3046
מָה punapa H4101
בַחֲשׁוֹכָא ing–pepeteng H2816
[ונהירא] [lan–pepadhang]
(וּנְהוֹרָא) (lan–pepadhang) H5094
עִמֵּהּ kaliyan–Panjenenganipun H5974
שְׁרֵא׃ manggon H8271

> iya Panjenengane iku kang mbuka bab-bab kang ora kinira-kira lan kang samar; Panjenengane nguningani apa kang ana ing pepeteng, apadene pepadhang dumunung ana ing Panjenengane.

23
לָךְ Dhateng–Panjenengan
אֱלָהּ Gusti–Allah–saking H0426
אֲבָהָתִי leluhur–kawula H0002
מְהוֹדֵא matur–nuwun H3029
וּמְשַׁבַּח lan–memuji H7624
אֲנָה kawula
דִּי bilih H1768
חָכְמְתָא kawicaksanan H2452
וּגְבוּרְתָא lan–kakiyatan H1370
יְהַבְתְּ Panjenengan–paring H3052
לִי dhateng–kawula
וּכְעַן lan–sapunika H3705
הוֹדַעְתַּנִי Panjenengan–nedahaken–dhateng–kawula H3046
דִּי־ ingkang– H1768
בְעֵינָא kawula–nyuwun H1156
מִנָּךְ saking–Panjenengan H4481
דִּי־ bilih– H1768
מִלַּת pangandikan H4406
מַלְכָּא kang–ratu H4430
הוֹדַעְתֶּנָא׃ Panjenengan–nedahaken–dhateng–kawula H3046

> Dhuh Allahipun leluhur kawula, Paduka kawula pepuji lan kawula luhuraken, amargi Paduka karsa ngganjar dhumateng kawula kawicaksanan saha kasantosan, sarta sapunika sampun paring sumerep dhumateng kawula sadaya bab prakawisipun Sang Prabu.”

24
כָּל־ Sadaya– H3606
קֳבֵל amargi H6903
דְּנָה punika H1836
דָּנִיֵּאל Daniel H1841
עַל lumebet H5954
עַל־ dhateng– H5922
אַרְיוֹךְ Ariok
דִּי ingkang H1768
מַנִּי dipun–tetepaken H4483
מַלְכָּא kang–ratu H4430
לְהוֹבָדָה kangge–nyirnakaken H0007
לְחַכִּימֵי para–wong–wicaksana H2445
בָבֶל Babil H0895
אֱזַל kesah H0236
וְכֵן lan–mekaten H3652
אֲמַר־ ngandika– H0560
לֵהּ dhateng–piyambakipun
לְחַכִּימֵי para–wong–wicaksana H2445
בָבֶל Babil H0895
אַל־ sampun– H0409
תְּהוֹבֵד nyirnakaken H0007
הַעֵלְנִי mbekatna–kawula H5954
קֳדָם ing–ngarsanipun H6925
מַלְכָּא kang–ratu H4430
וּפִשְׁרָא lan–tegesipun H6591
לְמַלְכָּא dhateng–kang–ratu H4430
אֲחַוֵּא׃ kawula–badhe–nedahaken H2324
ס [pungkasan]

> Awit saka iku Dhaniel banjur nemoni Sang Ariokh, kang wus kaparingan dhawuh dening Sang Prabu supaya nyirnakake para wong wicaksana ing Babil; nuli mangkat lan matur mangkene: “Para tiyang wicaksana ing Babil punika sampun ngantos panjenengan sirnakaken! Panjenengan kula aturi nyowanaken kula dhateng ing ngarsanipun Sang Prabu, mangke kula badhe ngunjukaken maknanipun dhumateng Sanga Prabu!”

25
אֱדַיִן Lajeng H0116
אַרְיוֹךְ Ariok
בְּהִתְבְּהָלָה kanthi–kesusu H0927
הַנְעֵל mbekta H5954
לְדָנִיֵּאל Daniel H1841
קֳדָם ing–ngarsanipun H6925
מַלְכָּא kang–ratu H4430
וְכֵן lan–mekaten H3652
אֲמַר־ ngandika– H0560
לֵהּ dhateng–piyambakipun
דִּי־ bilih– H1768
הַשְׁכַּחַת kawula–manggihaken H7912
גְּבַר tiyang H1400
מִן־ saking– H4481
בְּנֵי para–putra H1123
גָלוּתָא tawanan H1547
דִּי saking H1768
יְהוּד Yehuda H3061
דִּי ingkang H1768
פִשְׁרָא tegesipun H6591
לְמַלְכָּא dhateng–kang–ratu H4430
יְהוֹדַע׃ badhe–nedahaken H3046

> Dhaniel banjur enggal-enggal kasowanake dening Sang Ariokh marang ing ngarsane Sang Prabu sarta tumuli dianjukake marang Sang Prabu mangkene: “Abdi dalem kawula sampun manggih satunggaling tiyang panunggilanipun tiyang boyongan saking tanah Yehuda, ingkang saged ngunjuki uninga dhumateng Sang Prabu bab maknanipun.”

26
עָנֵה Mangsuli H6032
מַלְכָּא kang–ratu H4430
וְאָמַר lan–ngandika H0560
לְדָנִיֵּאל dhateng–Daniel H1841
דִּי ingkang H1768
שְׁמֵהּ asmanipun H8036
בֵּלְטְשַׁאצַּר Beltesazar H1096
[האיתיך] [punapa–panjenengan–saged] H0383
(הַאִיתָךְ) (punapa–panjenengan–saged) H0383
כָּהֵל saged H3546
לְהוֹדָעֻתַנִי kangge–nedahaken–dhateng–kawula H3046
חֶלְמָא kang–pangimpen H2493
דִּי־ ingkang– H1768
חֲזֵית kawula–pirsa H2370
וּפִשְׁרֵהּ׃ lan–tegesipun H6591

> Dhaniel kang jenenge Beltsazar nuli kadangu dening Sang Prabu: “Apa kapara nyata sira bisa ngunjukake marang ingsun supena kang wus ingsun pirsani dalah samaknane pisan?”

27 עָנֵה Mangsuli H6032 · דָנִיֵּאל Daniel H1841 · קֳדָם ing-ngarsanipun H6925 · מַלְכָּא kang-ratu H4430 · וְאָמַר lan-matur H0560 · רָזָה wewadi H7328 · דִּֽי־ ingkang- H1768 · מַלְכָּא kang-ratu H4430
שָׁאֵל tanglet H7593 · לָא boten H3809 · חַכִּימִין para-wong-wicaksana H2445 · אָשְׁפִין para-ahli-tenung H0826 · חַרְטֻמִּין para-ahli-sihir H2749 · גָּזְרִין para-ahli-ramal H1505 · יָכְלִין saged H3202
לְהַחֲוָיָה kangge-nedahaken H2324 · לְמַלְכָּא׃ dhateng-kang-ratu H4430

> Dhaniel mangsuli, mangkene unjuke marang Sang Prabu: “Wewados, ingkang kadangokaken dening gusti kawula Sang Prabu, punika boten saged kauningakaken dhumateng Sang Prabu dening tiyang wicaksana, juru gendam, sarjana utawi ahli nujum.

28 בְּרַם Nanging H1297 · אִיתַי wonten H0383 · אֱלָהּ Gusti-Allah-ing H0426 · בִּשְׁמַיָּא ing-swarga H8065 · גָּלֵא kang-mbukak H1541 · רָזִין wewadi H7328 · וְהוֹדַע lan-nedahaken H3046
לְמַלְכָּא dhateng-kang-ratu H4430 · נְבוּכַדְנֶצַּר Nebukadnezar H5020 · מָה punapa H4101 · דִּי ingkang H1768 · לֶהֱוֵא badhe-dados H1934 · בְּאַחֲרִית ing-pungkasaning H0320 · יוֹמַיָּא dinten H3118
חֶלְמָךְ pangimpen-panjenengan H2493 · וְחֶזְוֵי lan-wahyu H2376 · רֵאשָׁךְ mustaka-panjenengan H7217 · עַל־ ing- H5922 · מִשְׁכְּבָךְ pasareyan-panjenengan H4903 · דְּנָה punika H1836
הוּא׃ inggih-punika H1932 · פ [pungkasan]

> Namung kemawon ing swarga wonten Allah ingkang mbuka wewados-wewados; Panjenenganipun sampun paring sumerep dhumateng gusti kawula Sang Prabu Nebukadnezar bab punapa ingkang badhe kalampahan ing dinten-dinten ingkang badhe dhateng. Wondene supena saha wahyu-wahyu ingkang kapirsanan dening gusti kawula wonten ing pasarean punika makaten:

29 אַנְתְּה Panjenengan H0607 · מַלְכָּא dhuh-ratu H4430 · רַעְיוֹנָךְ panggalih-panjenengan H7476 · עַל־ ing- H5922 · מִשְׁכְּבָךְ pasareyan-panjenengan H4903 · סְלִקוּ minggah H5559
מָה punapa H4101 · דִּי ingkang H1768 · לֶהֱוֵא badhe-dados H1934 · אַחֲרֵי sasampunipun H0311 · דְנָה punika H1836 · וְגָלֵא lan-kang-mbukak H1541 · רָזַיָּא wewadi H7328
הוֹדְעָךְ nedahaken-panjenengan H3046 · מָה־ punapa- H4101 · דִי ingkang H1768 · לֶהֱוֵא׃ badhe-dados H1934

> Pinuju wonten ing pasarean panjenengan dalem, dhuh Sang Prabu, kethukulan panggalih bab punapa ingkang ing tembe badhe kalampahan; sarta Panjenenganipun ingkang narbuka wewados-wewados, sampun paring uninga dhumateng gusti kawula bab punapa ingkang badhe kalampahan.

30
וַאֲנָה Lan–kawula
לָא boten H3809
בְחָכְמָה ing–kawicaksanan H2452
דִּי־ ingkang– H1768
אִיתַי wonten H0383
בִּי ing–kawula
מִן־ saking– H4481
כָּל־ sadaya– H3606
חַיַּיָּא ingkang–gesang H2417
רָזָא wewadi H7328
דְנָה punika H1836
גֱּלִי dipun–bukak H1541
לִי dhateng–kawula
לָהֵן nanging H3861
עַל־ supados– H5922
דִּבְרַת tegesipun H1701
דִּי bilih H1768
פִשְׁרָא teges H6591
לְמַלְכָּא dhateng–kang–ratu H4430
יְהוֹדְעוּן dipun–tedahaken H3046
וְרַעְיוֹנֵי lan–panggalih H7476
לִבְבָךְ manah–panjenengan H3825
תִנְדַּע׃ panjenengan–mangertos H3046

> Wondene kawula sampun kaparingan sumerep bab wewados punika, boten margi saking kawicaksanan ingkang bokmanawi wonten ing kawula punika nglangkungi kawicaksananipun sadaya tiyang ingkang gesang, nanging punika supados maknanipun kauningakna dhumateng gusti kawula Sang Prabu, punapa dene supados gusti kawula mirsaa punapa ingkang ginalih dening gusti kawula.

31
אַנְתְּה Panjenengan H0607
מַלְכָּא dhuh–ratu H4430
חָזֵה pirsa H2370
הֲוַיְתָ panjenengan H1934
וַאֲלוּ lan–lah H0431
צְלֵם reca H6755
חַד satunggal H2298
שַׂגִּיא ageng H7690
צַלְמָא reca–punika H6755
דִּכֵּן mekaten H1797
רַב ageng H7229
וְזִיוֵהּ lan–kilat–padhangipun H2122
יַתִּיר ngedab–edabi H3493
קָאֵם ngadeg H6966
לְקָבְלָךְ ing–ngarsanipun H6903
וְרֵוֵהּ lan–warninipun H7299
דְּחִיל׃ nggegirisi H1763

> Dhuh Sang Prabu, gusti kawula mirsa satunggaling wahyu, inggih punika satunggaling reca ingkang ageng sanget! Reca punika inggil, mencorong ngedab-edabi, ngadeg wonten ing ngarsanipun gusti kawula, sarta katingal nggegirisi.

32
הוּא Punika H1932
צַלְמָא reca H6755
רֵאשֵׁהּ mustakanipun H7217
דִּי־ saking– H1768
דְהַב emas H1722
טָב mulus H2869
חֲדוֹהִי dhadhanipun H2306
וּדְרָעוֹהִי lan–astanipun H1872
דִּי saking H1768
כְסַף selaka H3702
מְעוֹהִי wetengipun H4577
וְיַרְכָתֵהּ lan–pupu-nipun H3410
דִּי saking H1768
נְחָשׁ׃ tembaga H5174

> Wondene reca punika, sirahipun kencana murni, dhadha kaliyan tanganipun salaka, weteng tuwin lambungipun tembaga,

33
שָׁקוֹהִי Suku-nipun H8243
דִּי saking H1768
פַרְזֶל wesi H6523
רַגְלוֹהִי sampeyannipun H7271
[מנהון] [sawetawisipun] H4481
(מִנְּהֵין) (sawetawisipun) H4481
דִּי saking H1768
פַרְזֶל wesi H6523
[ומנהון] [lan–sawetawisipun] H4481
(וּמִנְּהֵין) (lan–sawetawisipun) H4481
דִּי saking H1768
חֲסַף׃ lempung H2635

> pupunipun tosan, sukunipun saperangan tosan lan saperangan lempung.

34

| | | |
|---|---|---|
| חָזֵה | Pirsa | H2370 |
| הֲוַיְתָ | panjenengan | H1934 |
| עַד | ngantos | H5705 |
| דִּי | bilih | H1768 |
| הִתְגְּזֶרֶת | dipun-kethok | H1505 |
| אֶבֶן | sela | H0069 |
| דִּי־ | ingkang- | H1768 |
| לָא | boten | H3809 |
| בִידַיִן | kaliyan-asta | H3028 |
| וּמְחָת | lan-nabrak | H4223 |
| לְצַלְמָא | dhateng-reca | H6755 |
| עַל־ | ing- | H5922 |
| רַגְלוֹהִי | sampeyannipun | H7271 |
| דִּי | ingkang-saking | H1768 |
| פַרְזְלָא | wesi | H6523 |
| וְחַסְפָּא | lan-lempung | H2635 |
| וְהַדֶּקֶת | lan-ngrusakaken | H1855 |
| הִמּוֹן׃ | piyambakipun | H1994 |

> Salebetipun gusti kawula mirsani, tanpa pandameling tangan manungsa, wonten sela ingkang mlesat nempuh reca wau kaleres ing sukunipun tosan saha lempung ngantos remuk.

35

| | | |
|---|---|---|
| בֵּאדַיִן | Lajeng | H0116 |
| דָּקוּ | sami-remuk | H1855 |
| כַחֲדָה | sesarengan | H2298 |
| פַּרְזְלָא | wesi | H6523 |
| חַסְפָּא | lempung | H2635 |
| נְחָשָׁא | tembaga | H5174 |
| כַּסְפָּא | selaka | H3702 |
| וְדַהֲבָא | lan-emas | H1722 |
| וַהֲווֹ | lan-dados | H1934 |
| כְּעוּר | kados-mrambut | H5784 |
| מִן־ | saking- | H4481 |
| אִדְּרֵי־ | papan-ngirik- | H0147 |
| קַיִט | mangsa-panas | H7007 |
| וּנְשָׂא | lan-dipun-bekta | H5376 |
| הִמּוֹן | piyambakipun | H1994 |
| רוּחָא | angin | H7308 |
| וְכָל־ | lan-sadaya- | H3606 |
| אֲתַר | panggenan | H0870 |
| לָא־ | boten- | H3809 |
| הִשְׁתְּכַח | dipun-panggihaken | H7912 |
| לְהוֹן | kangge-piyambakipun | |
| וְאַבְנָא | lan-kang-sela | H0069 |
| דִּי־ | ingkang- | H1768 |
| מְחָת | nabrak | H4223 |
| לְצַלְמָא | dhateng-kang-reca | H6755 |
| הֲוָת | dados | H1934 |
| לְטוּר | dhateng-redi | H2906 |
| רַב | ageng | H7229 |
| וּמְלָת | lan-ngebaki | H4391 |
| כָּל־ | sadaya- | H3606 |
| אַרְעָא׃ | bumi | H0772 |

> Sami sanalika ingkang tosan, lempung, tembaga, salaka saha kencana sami remuk, tuwin sadaya dados kadosdene mrambut wonten ing panuton ing mangsa benter, tumunten kabur ing angin, satemah tilas-tilasipun boten wonten ingkang pinanggih. Dene sela ingkang nempuh reca wau dados redi ageng ingkang ngebaki salumahing bumi sadaya.

36

| | | |
|---|---|---|
| דְּנָה | Punika | H1836 |
| חֶלְמָא | kang-pangimpen | H2493 |
| וּפִשְׁרֵהּ | lan-tegesipun | H6591 |
| נֵאמַר | kawula-badhe-matur | H0560 |
| קֳדָם־ | ing-ngarsanipun- | H6925 |
| מַלְכָּא׃ | kang-ratu | H4430 |

> Punika supenanipun gusti kawula, lah sapunika maknanipun badhe sami kawula unjukaken dhumateng gusti kawula Sang Prabu:

37

| | | |
|---|---|---|
| אַנְתְּה | Panjenengan | H0607 |
| מַלְכָּא | dhuh-ratu | H4430 |
| מֶלֶךְ | ratu | H4430 |
| מַלְכַיָּא | saking-para-ratu | H4430 |
| דִּי | bilih | H1768 |
| אֱלָהּ | Gusti-Allah-saking | H0426 |
| שְׁמַיָּא | swarga | H8065 |
| מַלְכוּתָא | kraton | H4437 |
| חִסְנָא | kakiyatan | H2632 |
| וְתָקְפָּא | lan-kawibawan | |
| וִיקָרָא | lan-kamulyan | H3367 |
| יְהַב־ | paring- | H3052 |
| לָךְ׃ | dhateng-panjenengan | |

> Dhuh gusti kawula Sang Prabu, ratuning sadaya ratu, ingkang sampun kaparingan dening Allahipun saindenging langit, karajan, pangwaos, kasantosan tuwin kamulyan,

| חֵיוַת | אֲנָשָׁא | בְּנֵי־ | (דָּיְרִין) | [דארין] | דִּי | וּבְכָל־ | 38 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| kewan– | manungsa | para–putra– | (manggon) | [manggon] | ingkang | Lan–ing–pundi–mawon– | |
| H2423 | H0606 | H1123 | H1753 | H1753 | H1768 | H3606 | |

| בִּידָךְ | יְהַב | שְׁמַיָּא | וְעוֹף־ | בָרָא |
|---|---|---|---|---|
| ing–asta–panjenengan | Panjenenganipun–paring | langit | lan–peksi– | wana |
| H3028 | H3052 | H8065 | H5776 | H1251 |

| דִּי | רֵאשָׁה | הוּא | אַנְתְּה־ | בְּכָלְּהוֹן | וְהַשְׁלְטָךְ |
|---|---|---|---|---|---|
| saking | mustaka | punika | panjenengan– | ing–sadayanipun | lan–dados–panguwaos–panjenengan |
| H1768 | H7217 | H1932 | H0607 | H3606 | H7981 |

| דַּהֲבָא׃ |
|---|
| emas |
| H1722 |

> saha ingkang astanipun sampun kapasrahan dening Panjenenganipun, anak-anaking manungsa ing pundi-pundi panggenan, kewan-kewan ing ara-ara tuwin peksi-peksi ing awang-awang, saha ingkang kajumenenganken dados ingkang nguwaosi punika wau sadaya -- inggih gusti kawula punika ingkang jumeneng sesirah kencana wau.

| אֲרַעא | אָחֳרִי | מַלְכוּ | תְּקוּם | וּבָתְרָךְ | 39 |
|---|---|---|---|---|---|
| langkung–asor | sanes | kraton | badhe–madeg | Lan–sasampunipun–panjenengan | |
| H0772 | H0317 | H4437 | H6966 | H0870 | |

| דִּי | נְחָשָׁא | דִּי | אָחֳרִי | (תְלִיתָאָה) | [תליתיא] | וּמַלְכוּ | מִנָּךְ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ingkang | tembaga | saking | sanes | (katiga) | [katiga] | lan–kraton | saking–panjenengan |
| H1768 | H5174 | H1768 | H0317 | H8523 | | H4437 | H4481 |

| אַרְעָא׃ | בְּכָל־ | תִּשְׁלַט |
|---|---|---|
| bumi | ing–sadaya– | badhe–nguwaosi |
| H0772 | H3606 | H7981 |

> Nanging sapengkeripun gusti kawula, badhe muncul karajan sanes, ingkang kawon agung katimbang karajanipun gusti kawula; lajeng timbul karajan malih, inggih punika ingkang angka tiga, ingkang tembagi, ingkang nguwaosi saindenging jagad sadaya.

| כָּל־ | כְּפַרְזְלָא | תַקִּיפָה | תֶּהֱוֵא | (רְבִיעָאָה) | [רביעיה] | וּמַלְכוּ | 40 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| sadaya– | kados–wesi | kiyat | badhe–dados | (kaping–sekawan) | [kaping–sekawan] | Lan–kraton | |
| H3606 | H6523 | H8624 | H1934 | H7244 | H7244 | H4437 | |

| דִּי־ | וּכְפַרְזְלָא | כֹּלָּא | וְחָשֵׁל | מְהַדֵּק | פַרְזְלָא | דִּי | קֳבֵל |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ingkang– | lan–kados–wesi | sadayanipun | lan–ngremukaken | ngrusakaken | wesi | bilih | amargi |
| H1768 | H6523 | H3606 | H2827 | H1855 | H6523 | H1768 | H6903 |

| וְתֵרֹעַ׃ | תַּדִּק | אִלֵּין | כָּל־ | מְרָעַע |
|---|---|---|---|---|
| lan–mecahaken | badhe–ngrusakaken | punika | sadaya– | mecahaken |
| H7490 | H1855 | H0459 | H3606 | H7490 |

> Sasampunipun punika badhe wonten karajan ingkang angka sekawan, ingkang atosipun kados tosan; plek kadosdene tosan ingkang ngreremuk, karajan punika badhe ngremuk lan nglebur sadaya-sadayanipun.

41
וְדִֽי־ Lan–ingkang– H1768
חֲזַ֫יְתָה panjenengan–pirsa H2370
רַגְלַיָּ֫א sampeyannipun H7271
וְאֶצְבְּעָתָ֫א lan–driji-drijinipun H0677
[מנהון] [sawetawisipun] H4481
(מִנְּהֵ֞ן) (sawetawis) H4481
חֲסַ֣ף lempung H2635
דִּֽי־ saking– H1768
פֶחָר֙ tukang–kundi H6353
[ומנהון] [lan–sawetawisipun] H4481
(וּמִנְּהֵ֣ין) (lan–sawetawisipun) H4480
פַּרְזֶ֔ל wesi H6523
מַלְכ֤וּ kraton H4437
פְלִיגָה֙ kapecah H6386
תֶּהֱוֵ֔ה badhe–dados H1934
וּמִן־ lan–saking– H4481
נִצְבְּתָ֥א kakiyatan H5326
דִ֛י saking H1768
פַרְזְלָ֖א wesi H6523
לֶהֱוֵא־ badhe–wonten– H1934
בַּ֑הּ ing–piyambakipun
כָּל־ sadaya– H3606
קֳבֵל֙ amargi H6903
דִּ֤י bilih H1768
חֲזַ֫יְתָה panjenengan–pirsa H2370
פַּרְזְלָ֗א wesi H6523
מְעָרַ֖ב dipun–campur H6151
בַּחֲסַ֥ף kaliyan–lempung H2635
טִינָֽא׃ lethek H2917

> Punapadene ingkang kauningan ing gusti kawula, suku tuwin driji-drijinipun saperangan ingkang kadamel lempungipun kundhi, saha saperangan tosan, punika ateges, bilih karajan wau rengka; pancen karajan wau inggih atos kadosdene tosan, cocog kaliyan ingkang kapirsanan dening gusti kawula, tosan wau campur kaliyan lempung.

42
וְאֶצְבְּעָת֙ Lan–driji-driji H0677
רַגְלַיָּ֔א sampeyannipun H7271
[מנהון] [sawetawisipun] H4481
(מִנְּהֵין) (sawetawisipun) H4481
פַּרְזֶ֖ל wesi H6523
[ומנהון] [lan–sawetawisipun] H4481
(וּמִנְּהֵ֣ין) (lan–sawetawisipun) H4480
חֲסַ֑ף lempung H2635
מִן־ saking– H4481
קְצָ֤ת peranganing H7118
מַלְכוּתָא֙ kraton H4437
תֶּהֱוֵ֣ה badhe–dados H1934
תַקִּיפָ֔ה kiyat H8624
וּמִנַּ֖הּ lan–sawetawis H4481
תֶּהֱוֵ֥ה badhe–dados H1934
תְבִירָֽה׃ rapuh H8406

> Nanging kadosdene driji-drijining suku wau saperangan tosan saha saperangan malih lempung, makaten ugi karajan wau saperangan kiyat, tuwin saperangan ringkih.

43
[דִּי] [ingkang] H1768
(וְדִי) (lan–ingkang) H1768
חֲזַ֗יְתָ panjenengan–pirsa H2370
פַּרְזְלָא֙ wesi H6523
מְעָרַב֙ dipun–campur H6151
בַּחֲסַ֣ף kaliyan–lempung H2635
טִינָ֔א lethek H2917
מִתְעָרְבִין֙ sami–campur H6151
לֶהֱוֺן֙ badhe–dados H1934
בִּזְרַ֣ע kaliyan–wiji H2234
אֲנָשָׁ֔א manungsa H0606
וְלָא־ lan–boten– H3809
לֶהֱוֺ֥ן badhe–dados H1934
דָּבְקִ֖ין rumaket H1693
דְּנָ֣ה punika H1836
עִם־ kaliyan– H5974
דְּנָ֑ה punika H1836
הֵֽא־ lah–
כְדִ֣י kados H1768
פַרְזְלָ֗א wesi H6523
לָ֥א boten H3809
מִתְעָרַ֖ב campur H6151
עִם־ kaliyan– H5974
חַסְפָּֽא׃ lempung H2635

> Wondene gusti kawula mirsa tosan campur kaliyan lempung, punika ateges: sami badhe tetunggilan sarana sesemahan, nanging boten badhe saged manunggil saestu, kadosdene tosan anggenipun boten saged campur kaliyan lempung.

44

| | | |
|---|---|---|
| וּבְיוֹמֵיהוֹן | Lan–ing–dintenipun | H3118 |
| דִּי | saking | H1768 |
| מַלְכַיָּא | para–ratu | H4430 |
| אִנּוּן | punika | |
| יְקִים | badhe–madegaken | H6966 |
| אֱלָהּ | Gusti–Allah–saking | H0426 |
| שְׁמַיָּא | swarga | H8065 |
| מַלְכוּ | kraton | H4437 |
| דִּי | ingkang | H1768 |
| לְעָלְמִין | salami-laminipun | H5957 |
| לָא | boten | H3809 |
| תִתְחַבַּל | badhe–dipun–rusak | H2255 |
| וּמַלְכוּתָה | lan–kratonipun | H4437 |
| לְעַם | dhateng–bangsa | H5972 |
| אָחֳרָן | sanes | H0321 |
| לָא | boten | H3809 |
| תִשְׁתְּבִק | badhe–dipun–serahaken | H7662 |
| תַּדִּק | badhe–ngrusakaken | H1855 |
| וְתָסֵיף | lan–nyirnakaken | H5487 |
| כָּל־ | sadaya– | H3606 |
| אִלֵּין | punika | H0459 |
| מַלְכְוָתָא | kraton | H4437 |
| וְהִיא | lan–piyambakipun | H1932 |
| תְּקוּם | badhe–madeg | H6966 |
| לְעָלְמַיָּא׃ | salami-laminipun | H5957 |

> Nanging ing jamanipun para ratu, Allahipun saindenging langit badhe ngedegaken satunggaling karajan ingkang boten badhe risak ing salami-laminipun, sarta pangwaosipun boten badhe pindhah dhateng bangsa sanes: karajan punika badhe nggecak sadaya karajan saha sami dipun sirnakaken, nanging karajan punika piyambak badhe madeg ing salami-laminipun,

45

| | | |
|---|---|---|
| כָּל־ | Sadaya– | H3606 |
| קֳבֵל | amargi | H6903 |
| דִּי־ | ingkang– | H1768 |
| חֲזַיְתָ | panjenengan–pirsa | H2370 |
| דִּי | bilih | H1768 |
| מִטּוּרָא | saking–redi | H2906 |
| אִתְגְּזֶרֶת | dipun–kethok | H1505 |
| אֶבֶן | sela | H0069 |
| דִּי־ | ingkang– | H1768 |
| לָא | boten | H3809 |
| בִידַיִן | kaliyan–asta | H3028 |
| וְהַדֶּקֶת | lan–ngrusakaken | H1855 |
| פַּרְזְלָא | wesi | H6523 |
| נְחָשָׁא | tembaga | H5174 |
| חַסְפָּא | lempung | H2635 |
| כַּסְפָּא | selaka | H3702 |
| וְדַהֲבָא | lan–emas | H1722 |
| אֱלָהּ | Gusti–Allah | H0426 |
| רַב | ageng | H7229 |
| הוֹדַע | nedahaken | H3046 |
| לְמַלְכָּא | dhateng–kang–ratu | H4430 |
| מָה | punapa | H4101 |
| דִּי | ingkang | H1768 |
| לֶהֱוֵא | badhe–dados | H1934 |
| אַחֲרֵי | sasampunipun | H0311 |
| דְנָה | punika | H1836 |
| וְיַצִּיב | lan–temtu | H3330 |
| חֶלְמָא | kang–pangimpen | H2493 |
| וּמְהֵימַן | lan–saged–dipun–pitados | H0540 |
| פִּשְׁרֵהּ׃ | tegesipun | H6591 |
| פ | [pungkasan] | |

> ngepleki ingkang kapirsanan dening gusti kawula, bilih boten margi saking pandameling tanganipun manungsa, wonten sela ingkang mencelat saking redi lajeng ngremuk tosan, tembagi, lempung, salaka saha kencana wau. Gusti Allah ingkang mahaagung sampun paring uninga dhumateng gusti kawula Sang Prabu bab punapa ingkang ing tembe badhe kalampahan; supena punika leres saha maknanipun kenging pinitados."

46

| | | |
|---|---|---|
| בֵּאדַיִן | Lajeng | H0116 |
| מַלְכָּא | kang–ratu | H4430 |
| נְבוּכַדְנֶצַּר | Nebukadnezar | H5020 |
| נְפַל | dhawah | H5308 |
| עַל־ | ing– | H5922 |
| אַנְפּוֹהִי | pasuryanipun | H0600 |
| וּלְדָנִיֵּאל | lan–dhateng–Daniel | H1841 |
| סְגִד | sujud | H5457 |
| וּמִנְחָה | lan–pisungsung | H4504 |
| וְנִיחֹחִין | lan–dupa | H5208 |
| אֲמַר | dhawuh | H0560 |
| לְנַסָּכָה | kangge–dipun–caosaken | H5260 |
| לֵהּ׃ | dhateng–piyambakipun | |

> Sang Prabu Nebukadnezar banjur sujud lan nyembah marang Dhaniel; uga paring dhawuh supaya diaturi kurban lan kekutug.

47
עָנֵה Mangsuli H6032 | מַלְכָּא kang–ratu H4430 | לְדָנִיֵּאל dhateng–Daniel H1841 | וְאָמַר lan–ngandika H0560 | מִן־ saking– H4481 | קְשֹׁט sayektos H7187 | דִּי bilih H1768
אֱלָהֲכוֹן Gusti–Allah–panjenengan H0426 | הוּא Panjenenganipun H1932 | אֱלָהּ Gusti–Allah–saking H0426 | אֱלָהִין para–allah H0426 | וּמָרֵא lan–Gusti H4756 | מַלְכִין para–ratu H4430
וְגָלֵה lan–kang–mbukak H1541 | רָזִין wewadi H7328 | דִּי bilih H1768 | יְכֵלְתָּ panjenengan–saged H3202 | לְמִגְלֵא kangge–mbukak H1541 | רָזָה wewadi H7328 | דְּנָה׃ punika H1836

> Sang Prabu ngandika marang Dhaniel: “Sanyata Allahira iku Allah kang ngluwihi sakehing allah lan kagungan pangwaos tumrap sakehing ratu sarta narbuka wewadi-wewadi, sabab sira wus bisa narbuka wewadi iku.”

48
אֱדַיִן Lajeng H0116 | מַלְכָּא kang–ratu H4430 | לְדָנִיֵּאל dhateng–Daniel H1841 | רַבִּי ngluhuraken H7236 | וּמַתְּנָן lan–ganjaran H4978 | רַבְרְבָן ageng–ageng H7260 | שַׂגִּיאָן kathah H7690 | יְהַב־ paring– H3052
לֵהּ dhateng–piyambakipun | וְהַשְׁלְטֵהּ lan–ndadosaken–panguwaos–piyambakipun H7981 | עַל kangge H5922 | כָּל־ sadaya– H3606 | מְדִינַת propinsi H4083
בָּבֶל Babil H0895 | וְרַב־ lan–pangageng– H7229 | סִגְנִין para–nayaka H5460 | עַל kangge H5922 | כָּל־ sadaya– H3606 | חַכִּימֵי para–wong–wicaksana H2445 | בָבֶל׃ Babil H0895

> Dhaniel banjur kaparingan kaluhuran dening Sang Prabu: kaganjar peparing kang linuwih, tuwin kawisudha dadi kang ngasta pangwasa ing saindenging wilayah Babil lan dadi panggedhene sakehing wong wicaksana ing Babil.

49
וְדָנִיֵּאל Lan–Daniel H1841 | בְּעָא nyuwun H1156 | מִן־ saking– H4481 | מַלְכָּא kang–ratu H4430 | וּמַנִּי lan–netepaken H4483 | עַל kangge H5922 | עֲבִידְתָּא pakaryan H5673 | דִּי saking H1768 | מְדִינַת propinsi H4083
בָּבֶל Babil H0895 | לְשַׁדְרַךְ dhateng–Sadrak H7715 | מֵישַׁךְ Mesak H4336 | וַעֲבֵד נְגוֹ lan–Abednego H5665 | וְדָנִיֵּאל lan–Daniel H1841 | בִּתְרַע ing–gapura H8651 | מַלְכָּא׃ kang–ratu H4430 | פ [pungkasan]

> Awit saka panyuwune Sang Dhaniel, Sang Prabu masrahake paprentahan ing wilayah Babil marang Sadrakh, Mesah lan Abednego, dene Sang Dhaniel piyambak ndherek ana ing kratone Sang Prabu.